

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa mangrupa salasahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna. Tanpa basa, manusa hésé ngalakukeun komunikasi. Éta sababna, basa jadi alat anu pohara pentingna dina pakumbuhan manusa, nyaéta pikeun ngajalin patali marga di antara anggota masarakatna. Basa bisa dipikawanoh tina kelompok jalma, sélér bangsa, atawa bangsa anu makéna. Tina jihat étnik, aya anu disebut basa daérah, basa nasional, jeung basa asing anu miboga fungsi jeung kalungguhan séwang-séwangan.

Salaku basa daérah, basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Ku kituna, dina pakumbuhanana masarakat Sunda, ngajalin patali marga ngagunakeun basa Sunda salaku pakakas komunikasina. Basa Sunda henteu ngan dipaké keur ngajalin patali marga hungkul, tapi ogé dipaké keur sadirieun. Keur sadirieun nyaéta waktu urang ngimpi, ngadunga, kukulutus, ngitung, jeung nyieun catetan poéan dina agénda pribadi. Ari basa Sunda nu dipaké pakakas komunikasi mah nyaéta basa Sunda anu dipaké pikeun ngirim jeung narima pesan (rasa, pikiran, jeung kahayang) ti pangirim ka panampa (pamiarsa atawa pamaca) ngaliwatan médium basa, nyaéta basa Sunda anu dipaké waktu urang palémék atawa komunikasi; nyatana pikeun alat campur gaul jeung papada urang Sunda atawa anu lain urang Sunda tapi bisa basa Sunda.

Dina prosés komunikasi, pangirim atawa panampa bisa ngedalkeun naon waé anu dirasa, boh rasa gumbira, nalangsa, atawa ambek ka jalma anu diajak

nyarita atawa nu dicaritakeun. Kedalna rasa, pikiran, jeung kahayang dina sistem sora waktu campur gaul disebut adegan eusi basa (*deep structure*). Ari sistem sora manusa anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa disebutna adegan cangkang (*surface structur*).

Hal anu dikomunikasikeun ku pangirim ka panampa kedal dina wangun kalimah. Prawirasumantri (2000: 12), nétélakeun yén kalimah téh nyaéta kontruksi gramatik maksimal, mangrupa bagian pangleutikna, ngandung pikiran anu lengkep tina hiji wacana, diwatesan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, anu rélatif éta kontruksi téh bisa madeg mandiri. Ku kituna, kalimah téh mangrupa wangun atawa kontruksi anu dipaké pikeun ngedalkeun eusi komunikasi; rasa, pikiran, jeung kahayang. Salasahiji rasa anu bisa kedal nyaéta ambek.

Ambek mangrupa rasa anu kedal nalika hiji jalma meunang kakeuheul atawa teu panuju kana hiji hal. Ambek bisa kedal dina wacana lisan jeung tulisan. Dina wacana lisan, ambek bakal kapanggih nalika hiji jalma ngalakukeun paguneman/dialog jeung jalma séjén atawa ka dirina sorangan waktu nimu kakeuheul atawa nimu ka teu panujuan. Ari dina wacana tulisan mah biasana urang mindeng manggih dina wangun wacana fiksi.

Wacana fiksi dibagi jadi tilu wangun nyaéta wacana lancar, wacana ugeran jeung wacana drama. Ambek anu kedal dina kalimah atawa runtuyan kalimah bisa leuwih écés katingalina dina wangun drama. Wacana drama nyaéta wacana anu midangkeun carita atawa lalakon ku paguneman (dialog), diajangkeun pikeun diragakeun ku pamaén (aktor) dina pagelaran. Paguneman di antara para

palakuna mangrupa kalimah atawa omongan langsung ti para palaku anu diucapkeun silihtempas. Lian ti éta, tina drama, kedaling ambek bisa leuwih babari kapanggihna sabab dina awal drama aya nu disebut candraan (déskripsi) anu eusina nerangkeun kaayaan latar (tempat, waktu), suasana, kajadian carita, jeung palaku. Pertélaan palaku nataan ngaran jeung katerangan ngeunaan palaku saperti dedeg-pangadegna, watek, jeung paripolahna. Pertélaan palaku bisa ogé diseselkeun dina paguneman atawa omongan para palaku.

Ékman (2008: 15), salah saurang psikolog nu maluruh perkara émosi nétélakeun yén "Tiap-tiap émosi boga sinyal-sinyal anu has, wangun anu paling babari diidentifikasi tina émosi nyaéta tina pameunteu jeung sora." Ambek anu mangrupa salasihiji bagian tina émosi sacara langsung bisa diidentifikasi tina dua hal anu ditétélakeun tadi nyaéta tina pameunteu jeung sora. Panalungtikan anu didasarkeun kana kamampuh nyarita dina ngaragakeun (*bermain peran*) tangtuna patali jeung éksprési pameunteu sarta sora, tapi nilik kana kamampuh nyarita panalungtik leuwih museurkeun panalungtikan kana kalimah atawa runtuyan kalimah anu kedal dina wangun omongan.

Kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog* mangrupa bahan panalungtikan anu dipilih ku panalungtik sabab ditilik tina eusina, dina ieu kumpulan naskah drama loba omongan para tokohna anu mangrupa kedaling ambek, boh ka dirina sorangan boh ka nu diajak nyarita. Ku kituna, tangtu waé dina ieu kumpulan naskah drama réa kalimah-kalimah anu bisa ditalungtik tina segi kabasaanna. Contona tina segi wujudiah, pilihan kecap, papasingan, jeung adegan kalimah kedaling ambek basa Sunda anu dipakéna. Ditilik tina jihat psikologis, naskah

drama nu nyaritakeun héséna kahirupan, dirasa cocog dijadikeun bahan ajar pikeun siswa SMA sabab ditataran SMA, siswa geus mimiti nyaho, maham jeung nataharkeun diri pikeun nyanghareupan kahirupan anu leuwih nyata atawa *real*.

Dina *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP)* mata pelajaran basa jeung sastra Sunda, matéri drama kaasup kana bahan ajar kasusastraan, najan kitu angger baé éta hal moal leupas tina masalah kabasaan sabab saperti anu ditétélakeun di luhur basa téh mangrupa alat komunikasi anu bisa dipaké dina rupa-rupa média boh lisan boh tulisan. Lian ti bisa dipedar tina segi kasusastraan, urang ogé bisa manggihan ragam kabasaan dina bahan ajar drama. Di antarana waé, anu geus dituliskeun di luhur nyaéta urang bisa mikanyaho wujudiah, pilihan kecap, papasingan kalimah, jeung adegan kalimah kedaling ambek basa Sunda anu aya dina drama. Ditilik tina éta hal, urang bisa nyindekkeun yén matéri kasusastraan moal leupas tina matéri kabasaan.

Panalungtikan ngeunaan adegan kalimah geus réa pisan dilakukeun di antarana waé “Adegan Kalimah Ngantet dina Karangan Siswa SLTP 2 Méi Banjaran” (Rina Hasanah, 2001), “Adegan Kalimah Pananya dina Novel *Lain Éta* Moh. Ambri” (Téjaningrum, 2002), “Adegan Kalimah Pasif dina Kumpulan Carita Pondok *Halimun Peuting* Karangan Iskandarwassid” (Ihat Solihat, 2004) jeung “Adegan Kalimah Panggero dina Kumpulan Carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karangan Tini Kartini” (Tidah Fitriah, 2002). Panalungtikan-panalungtikan di luhur umumna maluruh kalimah tina struktur jeung fungsi sacara umum, hiji ogé can aya anu nalungtik kalimah anu dipatalikeun kana kedaling ambek komo deui kana panalungtikan adegan kalimah kedaling ambek dina drama pikeun

bahan ajar. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dibéré judul "Adegan Kalimah Kedaling Ambek dina Kumpulan Naskah Drama Sunda *Jeblog* pikeun Bahan Pangajaran Guneman Di SMA"

1.2 Watesan Masalah

Sangkan ambahan dina ieu panalungtikan teu lega teuing, mangka panalungtik ngawatesan panalungtikan adegan kalimah kedaling ambek dina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog* pikeun bahan pangajaran guneman di SMA ditilik tina pilihan kecap, wujudiah, papasingan, adegan jeung bahan ajar kalimah kedaling ambek basa Sunda.

1.3 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan medar perkara adegan kalimah kedaling ambek dina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog*, ari masalah panalungtikanna dirumuskeun dina wangun pertanyaan ieu di handap.

- a. Kedaling ambek basa Sunda naon waé anu kapanggih dina éta kumpulan naskah drama?
- b. Kumaha pilihan kecap kedaling ambek dina éta kumpulan naskah drama?
- c. Kumaha wujud kedaling ambek dina éta kumpulan naskah drama?
- d. Kumaha papasingan kalimahna ditilik tina lengkep-henteuna klausa pangwanguna?
- e. Kumaha adegan kalimah kedaling ambek ditilik tina lengkep-henteuna klausa pangwanguna?

- f. Kumaha bahan pangajaran guneman kedaling ambek dina éta kumpulan naskah drama?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun adegan kalimah kedaling ambek anu kapanggih dina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog* pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA. Ari deskripsina ngawengku:

- a. kedaling ambek basa Sunda nu kapanggih dina éta kumpulan naskah drama;
- b. pilihan kecap kedaling ambek dina éta kumpulan naskah drama;
- c. wujud kedaling ambek dina éta kumpulan naskah drama;
- d. papasingan kalimahna ditilik tina lengkep- henteuna klausa pangwanguna;
- e. adegan kalimah kedaling ambek ditilik tina lengkep-henteuna klausa pangwanguna;
- f. bahan pangajaran guneman kedaling ambek dina éta kumpulan naskah drama.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré manfaat boh sacara téoritis boh sacara praktis. Ari mangpaatna nyaéta:

- a. pikeun ngeuyeuban paélmuan tata basa tur kamekaran élmu pangaweruh dina widang tata basa Sunda, utamana dina tataran sintaksis nyaéta pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kalimah;
- b. pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar guneman;

- c. pikeun siswa, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan élmu kabahasaan jeung sastra Sunda, ogé pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina kaparigelan maké basa, hususna dina aspék nyarita;
- d. pikeun nu maca, bisa ngeuyeuban pangaweruh kabasaanna leuwih jembar deui, utamana dina masalah kabasaan jeung pangajaran.

1.6 Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan dumasar kana anggapan dasar ieu di handap.

- a. Kedaling ambek mangrupa salasahiji ébréhan tina rasa, pikiran, jeung kahayang anu kedal dina wangun kalimah, anu bisa dianalisis tina pilihan kecap, wujudiah, papasingan, jeung adegan kalimah kedaling ambek basa Sunda;
- b. Kedaling ambek bisa kapanggih dina rupa-rupa wacana, boh lisan boh tulisan;
- c. Dina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog*, aya kalimah kedaling ambek anu bisa dijadikeun bahan ajar di SMA.

1.7 Raraga Téori

Téori anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téori-téori ngeunaan kalimah (sintaksis) jeung bahan pangajaran. Buku-buku anu dipaké di antarana waé buku *Tata Basa Sunda Kiwari* (Sudaryat, Spk, 2007), *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar Mata Pelajaraaan Bahasa dan Sastra Sunda* (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2006), *Linguistik Umum* (Chaér, 2003), jeung *Prosedur Penelitian: Satuan Pendekatan Praktik* (Arikunto, 2006).

1.8 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan anu digunakeun nyaéta metode déskriptif. Méthode déskriptif mangrupa méthode pikeun ngungkulan pasualan aktual ku cara ngumpulkeun, nganalisis jeung napsirkeun data.

1.9 Téhnik Panalungtikan

Téhnik studi dokumentasi (ulikan pustaka) jeung obsérvasi mangrupa téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu dibutuhkeun dina ieu panalungtikan. Téhnik studi dokumentasi nyaéta téhnik anu digunakeun pikeun meunangkeun data atawa informasi anu aya patalina jeung masalah anu ditalungtik. Ieu téhnik, dirojong ku téhnik obsérvasi pikeun ngumpulkeun data langsung tina objék anu ditalungtik.

1.10 Sumber Data

Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah kedaling ambek basa Sunda, anu sumberna tina wacana tulisan nyaéta tina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog*. Ku sabab ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total, mangka anu jadi sampel sarua jeung populasi nyaéta sakabéh kalimah kedaling ambek anu aya dina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog*.